# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–16 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

कोलकाता के सरकारी आर.जी. कर मेडिकल कॉलेज अउर अस्पताल में प्रसिक्षु महिला डॉक्टर के साथे कथित दुस्कर्म, हत्या अउर ओकरे बाद भइल तोड़फोड़ के बिरोध में बिहने देसव्यापी हड़ताल रही। भारतीय चिकित्सा संघ बिहने भिन्नहीं से चउबीस घंटा बदे देस भर में गैर आपातकालीन सेवा बन्द रखले क घोसणा कइले हवे। चिकित्सा संघ कहले हवे कि हड़ताल के दौरान सज्जो जरूरी अउर आपातकालीन सेवा जारी रही।

**********

स्वास्थ्य मंत्रालय कहले हवें कि डॉक्टरन के खिलाफ हिंसा के मामिला में सम्बन्धित संस्थान के प्रमुख के ढेरि से ढेरि छौ घंटा के भित्तर संस्थान की ओरि से प्रथम सूचना रिपोर्ट दरज करावल जरूरी होई। स्वास्थ्य सेवा महानिदेसक अतुल गोयल येह बारे में केन्द्र सरकार के अस्पतालन अउर मेडिकल कॉलेज के प्रमुख के चिट्ठी चिखले हवें।

**********

भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन– इसरो आजु पृथ्वी अवलोकन उपग्रह अउर एसआर–ओ उपग्रह क सफलता के साथे प्रक्षेपण कइलस। येह उपग्रहन के लघु उपग्रह प्रक्षेपण यान के तिसरका विकास उड़ान के जरिया से अंतरिक्ष में भेजल जाई। मिसन निदेसक एस.एस. विनोद कहले हवें कि ई भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन क महत्वपूर्ण उपलब्धी हौ ओहीं, उपग्रह निदेसक एम. अविनाश कहलें कि ई प्रक्षेपण गगन यान परियोजना में अंतरिक्ष यात्रियन के मददि खातिर एवियोनिक्स अउर रिमोट सेसिंग बदे एगो नया डेटाबेसो उपलब्ध कराई। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोसल मीडिया सनेसा के जरिया से येह कार्यक्रम से जुड़ल सज्जो वैज्ञानिकन अउर अधिकरियन के बधाई दिहले हवें।

**********

देस आजु पूर्व प्रधानमंत्री भारत रत्न अटल बिहारी वाजपेई क पुण्यतिथि मना रहल हौ। येह मौका पर नई दिल्ली में सदैव अटल स्थित उनके समाधि पर आजु भिन्नहीं प्रार्थना सभा क आयोजन कइल गइल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़ अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सदैव अटल पर जा के पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेई के फूल चढ़ा के सरधांजलि दिहलें।

प्रदेस क राजधानी लखनऊ के ले के अउरियो कई जिलनों में कई गो कार्यक्रमन के जरिये उन्हें सरधांजलि दीहल जा रहल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उनकरे मुरती पर फूल चढ़ा के उन्हें सरधांजलि दिहलें। एगो सोसल मीडिया सनेसा में मुख्यमंत्री कहलें कि भारतीय राजनीति क अजातसत्रु भारत रत्न श्रद्धेय अटल जी आधुनिक भारत के निरमाण क नेइ धइलें। अमरोहा जिला में बनल अटल चौक पर भी लोगि उनके मुरती पर फूल माला चढ़वलें अउर उनके व्यक्तित्व अउर कृतित्व पर रोसनी डरलें।

**********

प्रदेस के अम्बेडकरनगर जिला में बिहने अउर अजोध्या जिला में अठारह अगस्त के वृहद रोजिगार मेला क आयोजन कइल जाई। एकर सुभारम्भ प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ करिहें। उत्तर प्रदेश कौशल विकास मिशन के तहत प्रस्तावित येह मेला में एक सौ पचास प्रतिस्ठित कम्पनियन क जरिया से सत्तर हजार से बेसी रोजिगार मिलले क आगम हौ। प्रदेस क व्यावसायिक सिक्षा, कौशल विकास अउर उद्यमसीलता विभाग क राज्य मंत्री (स्वतंत्र प्रभार) कपिलदेव अग्रवाल बतवलें कि उत्तर प्रदेस कौशल विकास मिशन के तहत ट्रेनिंग लेवे वाले लाभार्थियन के खास तौर से सेवायोजित करे बदे रोजिगार मेल क आयोजन कइल जा रहल हौ।

**********

छत्तीसगढ़ के बलरामपुर से बनारस जा रहल कांवड़ियन से भरल एगो पिकप वाहन आजु भिन्नहीं कौशाम्बी जिला के सैनी थान्हा इलाका के हाइवे राहि पर सड़कि पर ठाढ़ एगो अउरियो वाहन से टकरा गइल, जेहमें तीनि जने क ओहिजुकवें मउति हो गइल। दुरघटना में घाही अठारह लोगिन के इलाज बदे अस्पताले में भरती करा दिहल गइल हौ। हमरे प्रतिनिधि बतवले हवें कि ई दुरघटना हाइवे पर गुलामीपुर चौराहा के लग्गे भइल, जेहमें दुइ गो महिला सरधालु के ले के कुलि तीनि गो कांवड़ियन क मउति हो गइल। जिलाधिकारी अउर पुलिस अधीक्षक घटना स्थल क निरीक्षण कइ के सज्जो घाही लोगिन के प्राथमिकता के आधार पर इलाज कइले क निरदेस दिहले हवें।

**********

बनारस क जिलाधिकारी एस. राजलिंगम आजु केन्द्रीय कारागार में बनावल गइल बैरकन क निरीक्षण कइलें। येह दौरान उहां के कार्यदायी संस्था अउर जुड़ल विभाग के अधिकरियन के जरूरी दिसा–निरदेस दिहलीं। मुख्यमंत्री बिहने प्रस्तावित अपने दौरा में येह प्रजोक्ट क निरीक्षण कइ सके लें। कार्यदायी संस्था यूपी निर्माण निगम के कनिस्ठ अभियंता सौरभ सुमन बतवलें कि कारागार के पुलिसकरमियन के रहे खातिर कुलि आठ बलाक के अड़तालीस आवास क स्ट्रक्चर क कार पूरा हो चुकल हौ। अब एहमें फिनिसिंग क कार चलि रहल हौ।

**********

पद्म पुरस्कार दुइ हजार पचीस बदे नामांकन अगिला महिन्ना के पनरह तारीख ले दीहल जा सके ला। इच्छुक प्रतिभागी राष्ट्रीय पुरस्कार पोर्टल अवार्ड्स डॉट जीओवी डॉट इन पर आपन नामांकन दाखिल कइ सके लें। पद्म पुरस्कार देस क सर्वोच्च नागरिक सम्मान में से एगो हौ। ई पुरस्कार तीनि श्रेणी में दीहल जाला।

**********

आकाशवाणी समाचार से प्रसारित होखे वाला दुपहरिया बारह बजि के पांच मिनट क हिन्दी बुलेटिन अब अठारह अगस्त से दुपहरिया बारह बजे से प्रसारित होई। ओकरे बाद अंगरेजी समाचार बुलेटिन क प्रसारण होई।

**********